TRI-CAP
Improving Lives Since 1966

TRI-CAP ankouraje otonomi lè li bay sèvis sante, lojman, ak edikasyon ki chanje lavi, bay fanmi pouvwa, epi amelyore kominote nou sèvi yo.

Joyce Fleck, Direktè egzekitif, Joyce.Fleck@tri-cap.net

Sèvis Sante Pou Fanmi

Direktè: Nikki Lasher — **Nikki.Lasher@tri-cap.net**

Planifikasyon Familyal

Planifikasyon Familyal bay sèvis pou fanm ak gason ki nan laj pou yo fè pitit. Sèvis konfidansyèl yo ofri selon yon echèl frè ki baze sou revni e ki gen ladan yo:

- Egzamen anyèl
- Egzamen tete
- Dyagnostik ak tretman pou Maladi Seksyèlman Transmisib (MST)
- Metòd kontrasepsyon (planin) FDA apwouve
- Tès gwosès
- Tès VIH
- Konsèy, edikasyon, ak referans

Fanmi an Sante nan Indiana

Pwogram Fanmi An Sante Nan Indiana ofri sèvis pou paran k ap tann yon pitit ak fanmi ki gen timoun ki gen jiska senkan. Sèvis yo disponib nan county sa yo: Dubois, Gibson, Pike, Spencer, ak Warrick. Sèvis yo gen ladan sipò, enfòmasyon, ak referans nan domèn sa yo:

- Devlopman timoun
- Swen prenatal
- Edikasyon
- Fikse objektif
- Anplwa

SEVIS LOJMAN

Direktè: Tammy Dewitt — **Tammy.Dewitt@tri-cap.net**

Pwogram Asistans Enèji

Pwogram Asistans Enèji a (EAP): Bay èd finansye pou fanmi ki gen ti revni (gid revni) pou yo ka kenbe sèvis kouran/gaz pandan sezon livè an.

Konsèy sou Lojman:

Sèvis Konsèy sou Lojman gide e ede kliyan yo vin an fòm finansyèman. TRI-CAP ofri kou edikasyon avan acha ki sètifye pa HUD, konsèy sou bidjè ak kredi, seminè sou edikasyon finansyè, reta sou pèman ak asistans kont fòklojè (pèdi kay)

Kont Devlopman Endividyèl (IDA)

Program IDA a ede abitan indiana ki gen revni fèb ak modere atenn objektif finansyè yo atravè ensitasyon epay ak edikasyon finansyè. Patisipan ki kalifye fikse objektif epay epi fè deposit regilye. Chak $1.00 ou ekonomize, yo ba ou $3.00 anplis pou ede ou rive nan objektif ou.

Lojman Abòdab pou Granmoun ak Fanmi

Nan County Dubois, Indiana, lojman abòdab disponib nan:

HUNTINGBURG

Lofts at St. Joseph:	45 inite granmoun
Wagon Works:	56 inite familyal

JASPER

Vine Street Lofts:	62 inite granmoun
Jasper Lofts:	67 inite familyal

EQUAL HOUSING OPPORTUNITY

Nan County Warrick, Indiana, lojman abòdab disponib nan:

BOONVILLE

Boonville Lofts:	45 inite granmoun

Sèvis Konsèvasyon Enèji

Direktè: Brian Beckman — **Brian.Beckman@tri-cap.net**

Pwogram Asistans Konsèvasyon Enèji

Pwogram Asistans Konsèvasyon enèji (Weatherization) bay mezi konsèvasyon enèji pou redui fakti sèvis piblik pou moun ki gen ti revni. Pwogram lan bay kliyan solisyon pèmanan pou redui fakti enèji yo lè li rann kay yo pi efikas nan nivo enèji.

Sekirite ak Konfò nan Kay

Pèsonèl kalifye TRI-CAP yo bay sèvis suivan yo a on pri rezonab pou tout nivo salè:

- Tès Fuit Lè
- Sele Lè
- Tès Sekirite Konbisyon
- Konsèy sou Enèji
- Odit Enèji nan Kay
- Izolasyon
- Evalyasyon Risk Plon
- Idantifikasyon Pwoblèm Imidite

Head Start Sèvis Preskolè

Direktè: Molly Wuchner — **Molly.Wuchner@tri-cap.net**

Head Start Preskolè

Head Start se yon pwogram devlopman konplè pou timoun revni fèb ki ant laj twa a senkan.

Nou bay sèvis endividyèl nan edikasyon timoun ak devlopman; medikal, dantal, ak sante mental, nitrisyon, ak patisipasyon paran.

Jasper
607 Third Avenue, P.O. 729
Jasper, IN 47547-0729
Phone: 812-482-2233
Fax: 812-482-1071

Petersburg
809 East Illinois Street
Petersburg, IN 47567
Phone: 812-354-8721
Fax: 812-354-3835

Boonville
499 West State Route 62
Boonville, IN 47601
Phone: 812-897-0364
Fax: 812-897-0368

Newburgh
(Head Start Services Only)
3300 Tower Drive
Newburgh, IN 47630
Phone: 812-853-5928

Evansville
(Health Services Only)
501 John Street, Suite 11
Evansville, IN 47713
Phone: 812-428-2189
Fax: 812-428-4282

Updated 11/2026

TRI-CAP
Improving Lives Since 1966

Gid Revni pa Pwogram 2026-2027

TRI-CAP.NET

Gid Povrete Federal 2026-27	Pwogram Asistans Enèji	Konsèvasyon Enèji & Kont Devlopman Endividyèl	Fanmi an Sante nan Indiana
Gwosè Fanmi	**60% Revni Mwayèn Indiana**	**200% Povrete**	**350% Povrete** *<= (enferyè ou egal)*
1	$34,635	$31,920	<=$47,881
2	$45,292	$43,280	<=$64,921
3	$55,950	$54,640	<=$81,961
4	$66,607	$66,000	<=$99,001
5	$77,263	$77,360	<=$116,041
6	$87,921	$88,720	<=$133,081
7	$89,919	$100,080	<=$150,121
8	$91,917	$111,440	<=$167,161

2026-2027 Head Start Preschool Gid Revni

Gwosè Fanmi	0 - 100%	101-130% Sipli Revni	>130% Sipli Revni
1	$15,650	$15,651 - $20,344	> $20,345
2	$21,150	$21,151 - $27,494	> $27,495
3	$26,650	$26,651 - $34,644	> $34,645
4	$32,150	$32,151 - $41,794	> $41,795
5	$37,650	$37,651 - $48,944	> $48,945
6	$43,150	$43,151 - $56,094	> $56,095
7	$48,650	$48,651 - $63,244	> $63,245
8	$54,150	$54,151 - $70,394	> $70,395

Pou fanmi/fwaye ak plis ke 8 moun, ajoute $5,500 pou chak moun anplis.
Nenpòt timoun ki aje de twa a senkan elijib, sepandan, TRI-CAP Head Start ap sèvi timoun ki gen pi gwo bezwen yo an premye. Sa vle di tout mànyè kategorik (SSI, TANF, SNAP, Homeless, and Foster) ak timoun admisib sou revni ap jwenn sèvis an premye.

Enfòmasyon Pwogram ak kritè revni yo ka chanje.
Konfime enfòmasyon aktyèl yo sou: www.tri-cap.net

Dapre lwa federal sou dwa sivil ak règleman ak politik sou dwa sivil Depatman Agrikilti Etazini (USDA), enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, laj, koulè, relijyon, sèks (ki gen ladan idantite jan ak oryantasyon seksyèl), andikap, orijin nasyonal, zansèt, sitiyasyon familyal, estati kòm veteran, oswa reprezay oswa vanjans pou aktivite anvan ki gen rapò ak dwa sivil.

Enfòmasyon sou pwogram nan ka disponib nan lòt lang ki pa anglè. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou yo jwenn enfòmasyon sou pwogram nan (pa egzanp, Bray, gwo karaktè enprimé, kasèt odyo, Langaj Siy Ameriken), dwe kontakte ajans leta oswa ajans lokal ki responsab administrasyon pwogram nan , oswa kontakte TARGET Center USDA nan (202) 720-2600 (vwa ak TTY) , oswa kontakte USDA pa mwayen Federal Relay Service nan (800) 877-8339.

Pou pote yon plent pou diskriminasyon nan pwogram nan, yon moun k ap pote plent dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Fòm Plent pou Diskriminasyon nan Pwogram USDA, yo ka jwenn sou Entènèt nan: https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/USDA-OASCR%20P-Complaint-Form-0508-0002-508-11-28-17Fax2Mail.pdf, nan nenpòt biwo USDA , lè w rele (866) 632-9992 , oswa lè w ekri yon lèt ki adrese bay USDA. Lèt la dwe genyen non moun k ap pote plent lan, adrès li, nimewo telefòn li , ak yon deskripsyon alekri sou aksyon diskriminatwa ki swadizan fèt la ak ase detay pou enfòme Sekretè Adjwen pou Dwa Sivil (ASCR) sou nati ak dat yon swadizan vyolasyon dwa sivil. Fòm AD-3027 la ki fin ranpli oswa lèt la dwe soumèt bay USDA pa mwayen sa yo: :

1. mail: U.S. Department of Agriculture Office of the Assistant Secretary for Civil Rights 1400 Independence Avenue, SW Washington, D.C. 20250-9410; oubyen **2. fax:** (833) 256-1665 or (202) 690-7442; oubyen **3. email:** program.intake@usda.gov.

Enstitisyon sa a se yon founisè ki bay tout moun menm chans.

Updated 11/2026